

# Dukun Bayi ing Jawa

Jening Heri Priyatmoko

Kawiwara Allian Priyatmoko, putrane kinasih panyerat, 28 September wingi genep umur setaun. Panyerat ake gawe bancakan cilik-cilikan ing omah. Sajroning acara pengetan lairane sh kang diceluk kanthi jeneng Wiyara mau, simbahe ndhudhah kenangan. Dum crita babagan proses klairane ing tesan Jawa nganggo pitulungane dukun bayi, pulunan taun kepungkur. Jaman semono, bidhan lan dhokter ngrembyah kaya saiki. Simbah ntrehake, rata-rata simbah dukun wane seket taun punjul. Kadigdayan gani bayi lair ceprot nganti tekan umur span (35 hari) entuke ora saka bangku olah kayata STOVIA, akademi, atawa xersitas. Nanging diyakini saka anuger-Gusti kang akarya jagad atawa jwatun gaib, sinambi sinau marang g tuwane kang adate uga dadi dhukun.

Bisa marisi kawruh saka leluhure, tegese pulung atawa kekuwatan supranat-ural mencok menyang ragane. Lan, ora prelu sumpah propesi nganggo kitab suci kaya dhokter modhel saiki. Masarakat Jawa klasik isih ngugemi crita pulung kang dimaknani bisa gawe gangsar olehe makarya.

Pandelenge panaliti Barat kang dihasari nalar bakal kangelan mbedhah lakune transmisi kawruh modhel mbah dhukun. Wong Jawa duwe ilmu tlen kang empiris, bela-bali niteni pengalaman. Kawruh saka pengalaman iku mau banjur diajake nganggo tradhisi lisan (dongeng), ora kaserat ing diuwang. Mulane isi lemarihe dhukun bayi yen digledhah langka ditemokake buku utawa pandhuan babagan wanita lairan lan ngrumat bayi.

Ing omah dhukun anane welat, kunir, lan ramuan tradhisional. Cukup nganggo diri lan kawruh kang diduweni, mbah dhukun prigel mbenerake posisi otot weteng wanita sing lagi wae babaran. Suwuk dinggo nambani bayi kang nandang adhem-panas lan menehi tapel godhong

dhadhapsrep ing udel lan mbun-mbunane bocah.

Ing jagad padhukunan, ana tembung isedukur papat kalima panceri. Wujude barang kang metu bareng laire bocah, yaiku banyu ketuban, tembuni, geteh, sri-ari, lan bayi kang dadi pusate. Panaliti kasbudayan Wero Aryandini S (2002) njen-trehake, iseduluri cacaha paoat iku rituala bayi rewel bisa diceluk supaya nulungi. Kethokan sri-ari diwadhahi lan dices-dhakake ing papan paturone bayi, persis ing bagayan sirahe bocah. Ing dhuwur tembuni kang dipandhem cerak omah dipad-hangi lampu senthir tekan bayi umur 35 dina. Wektu bayi nandang lara, ing dhuwur tembuni dipasang senthir maneh. Kain nalika dinggo babaran kang gupak geteh lan banyu ketuban, sakwise dikumbah kudu disimpen. Sakwayah-wayah putrane nandang lara, kain iku mau dikemulake.

## Rasa Kamanungsan

Babagan jiwa sosial lan rasa kama-nungsan, mbah dhukun kang uripe prasaja iku angel ditandhingi. Ing rina-wengi, tanpa pamrih, mbah dhukun gelem mecahi dalan

cilik adohe pirang-pirang kilometer kanggo nulung wanita arep babaran. Ora nggresu-lia, apamaneh sambat. Umpama kluwarga kang ditulungi ora kuwat mbayar, rasa ekias wis digemol kawit sikile mbah dhukun miebu lawang lan uluk salam.

Uga, sanajan awake kurang sehat, dheweke ora bisa nolak wektu ketamun warga kang njaluk pitulungan. Kajaba arep ngecakake kawruh kanggo kerja sosial, mbah dhukun pamrihe ming golek lan ngrumat paseduluran.

Tapa sira lan jiwa mulya kaya ngane iki tangen lamun bisa tuwuh saumpama ming ngagungake kadigdayan lahiriah thok kanggo ndhukung propesine. Tali pasedu-luran kang kuwat lan sipate informal mung bakal kadadeyan nalika dheweke ajur-ajer ing tengah masarakat. Uga ora mandeng jasane kudu diregani dhuwit. Sanajan uripe mbah dhukun ora sugih mblegedhu lan se-tya nekuni propesi kang ngutamakake rasa kamanungsan iku, ing lapisan masarakat sosial dheweke ora kalah kajen dibandhin-gake carik utawa lurah. Masarakat umat marang dhukun bayi, malah dadi

Abjad, 2011) dan antologi puisi Pindhapa 13 (TBJT, 2012). Selain menulis puisi Budiawan juga menulis esai dan cerpen. (92)

parampara utawa jujagan nalika mutusake masalah kang ana kaitane karo anak lan menehi tetenger kanggo bayi.

Miturut pamawase Imam Budhi Santoso (1999), dhukun uga ngatur slametan bayi, prosesi nandur sri-ari, ngrumat bayi tekane pupak puser (sri-arihe ucul), lan sapiturute. Uga nyukur rambut sepisan, ledhak sitan. Jarang utawa malah ora ana dhokter mod-hern gelem nyumbang pasiene sakwise jejibahane wis karampungan ditindakake.

Dhukun bayi sanajan adate ming dijalu-ki tulung tekan pupak puser (kurang-luwih pitung dina tekan 10 dina), nanging tetep duweni tanggung jawab moral, yaiku ajeg tilik bayi kang wis ditulung tekan umur selapan. Sejatine iku mau bukti kerja nyata kamanungsan dhukun bayi.

Cita sujarah dhukun anak iki muga-muga bisa dadi kaca benggala. Ya, kanggo para bidhan utawa dhokter kang ora menehi tetulung kanthi wkias utawa mburu pamrih awujud dhuwit. (51)

- Heri Priyatmoko, dhosen sujarah Fakultas Sastra Universitas Sanata Dharma